Хэгъэгу пстэуми япролетариехэр, зы шъухъу!

# Социалистическэ АДЫГЕИ

ВКП[б]-м и АДЫГЭ ОБКОМРЭ ТРУДЯЩХЭМ ЯДЕПУТАТХЭМ ЯХЭКУ СОВЕТРЭ ЯОРГАН

№ 95 (3759) | Тхьаумаф, августым и 20 1944 илъэс | Къыдэкlырэр я 18-рэ илъэс. Ыуасэр ч. 20

*Непэ Авиацием и Всесоюзнэ маф.*

*Красная Армием, Военнэ-Морской ыкIи Воздушнэ флотхэмэ ядзэкIо шIагъохэу, немецкэ-фашистскэ техакIохэр ти Родинэ изыукъэбзыкIыхэрэмэ щытхъор адэжь!*

*Сталинскэ авиацием ибгъашхъохэу, пыим ицIыф кIуачIэрэ, итехникэрэ зэхэзыгъэтакъорэмэ щытхъор адэжь!*

## ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЫМ и ПРИКАЗ

### *Советскэ Союзым и Маршалэу КОНЕВЫМ факIо*

А 1-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэхэр, САНДОМИР районым псыхъоу ВИСЛЭ щызэпырыкIыхи, зэо пхъашэу ашIыгъэхэмэ къаужы, километрэ 50-м нэсэу ыпэкIэ лъыкIотагъэх, ВИСЛЭ итыгъэ къохьапIэ Iушъо зэуапIэу щаубытыгъэм километри 120-м нэсэу фронтымкIэ зырагъэушъобгъугъ ыкIи непэ, августым и 18-м, къалэу САНДОМИР—ВИСЛЭ исэмэгу Iушъо немцэмэ оборонэу щаIыгъым мэхьанэшхо зиIэ иопорнэ пунктэр штурмэкIэ аштагъ.

ВИСЛЭ зэпырыкIыхэ зэхъум ыкIи САНДОМИРСКЭ зэуапIэр заубытым ашIыгъэ заохэмэ генерал-лейтенантэу ПУХОВЫМ, генерал-лейтенантэу ЖАДОВЫМ, генерал-полковникэу ГОРДОВЫМ, генерал-майорэу ЧЕРОКМАНОВЫМ, генерал-майорэу ОНУПРИЕНКЭМ, генерал-майорэу РОДИМЦЕВЫМ, генерал-майорэу МАКОВЧУКЫ, генерал-лейтенантэу ЛЕБЕДЕНКЭМ, генерал-майорэу ПУЗИКОВЫМ, генерал-майорэу ЗАХАРОВЫМ, генерал-майорэу ВЕХИНЫМ, полковникэу БЕЛЯЕВЫМ, генерал-майорэу ПАНКРАТОВЫМ, генерал-майорэу КРАСНОВЫМ, полковникэу МУРАТОВЫМ, генерал-майорэу ГЛАДКОВЫМ, полковникэу МАДЕТЯНЫ, полковникэу САМСОНОВЫМ, полковникэу КОЛОБОВЫМ, генерал-майорэу ТРОФИМОВЫМ, генерал-майорэу БАКЛАНОВЫМ, генерал-майорэу ОЛЕЙНИКОВЫМ, генерал-майорэу МОТОВЫМ, полковникэу СКРЫГАНОВЫМ, генерал-майорэу ПИЧУГИНЫМ, генерал-майорэу СУХАНОВЫМ, полковникэу РУСАКОВЫМ, генерал-майорэу АНЦИФИРОВЫМ ядзэхэр; артиллерием игенерал-полковникэу ВАРЕНЦОВЫМ, артиллерием игенерал-майорэу ЯРОВОИМ, артиллерием игенерал-майорэу ПОЛОСУХИНЫМ, артиллерием игенерал-майорэу КУБЕЕВЫМ, артиллерием игенерал-майорэу ДЗЕВУЛЬСКЭМ, артиллерием игенерал-майорэу ПОЛУЭКТОВЫМ, полковникэу ХУСИДЭМ, подполковникэу ЦЕСАРЬ, подполковникэу ПЕТРУНЯ, полковникэу БАСОВЫМ, полковникэу ДОБРЯНСКЭМ, полковникэу ЧЕВОЛА, подполковникэу КОРОНИНЫМ, полковникэу РУКОСУЕВЫМ, полковникэу СУССКОИМ, полковниникэу ФРАНЧЕНКЭМ яартиллеристхэр; танковэ дзэхэмэ ягенерал-полковникэу НОВИКОВЫМ, танковэ дзэхэмэ ягенерал-лейтенантэу ГЕТМАНЫ, танковэ дзэхэмэ ягенерал-летейнантэу СУХОВЫМ, генерал-майорэу ДРЕМОВЫМ, танковэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу НОВИКОВЫМ, танковэ дзэхэмэ ягенерал-майорэу МИТРОФАНОВЫМ ятанкистхэр; авиацием игенерал-полковникэу КРАСОВСКЭМ, авиацием игенерал-лейтенантэу РЯЗАНОВЫМ, авиацием игенерал-майорэу АГАЛЬЦОВЫМ, авиацием игенерал-майорэу БАРАНЧУКЫ, подполковникэу ФЕТИСОВЫМ, авиацием игенерал-лейтенантэу ЗЛАТОЦВЕТОВЫМ, полковникэу ОСАДЧЕМ, полковникэу КУРОЧКИНЫМ, авиацием игенерал-майорэу УТИНЫМ, полковникэу ПОКРЫШКИНЫМ, полковникэу МАЧИНЫМ, полковникэу ГЕЙБО, полковникэу ЮЗЕЕВЫМ ялетчикхэр; инженернэ дзэхэмэ ягенерал-лейтенантэу ГАЛИЦКЭМ, полковникэу ВОЛОДИНЫМ, полковникэу СОКОЛОВЫМ, полковникэу ГОРДЮКОВЫМ, полковникэу САЛАХОВЫМ, полковникэу БОДОЛЫ НЭМ ясаперхэр; связым идзэхэмэ ягенерал-лейтенантэу БУЛЫЧЕВЫМ, связым идзэхэмэ ягенерал-майорэу АХРЕМЕНКЭМ, полковникэу БОГОМОЛОВЫМ, подполковникэу КОСТИНЫМ ясвязистхэр къащыхэщыгъэх.

ТекIоныгъэу ашIыгъэр ознаменовать шIыгъэным пае, ВИСЛЭ зэпырыкIыхэ зэхъум ыкIи САНДОМИРСКЭ зэуапIэр заштэм ашIыгъэ заохэмэ анахьэу къащыхэщыгъэ соединениехэр ыкIи частхэр, „САНДОМИРСКЭ“ ыкIи „ВИСЛЕНСКЭ“ цIэхэр афашIынхэм, орденхэмкIи наградить ашIынхэм фэшIы представить къэшIыгъэнхэ фае.

Непэ, августым и 18-м, сыхьатэр 23-м ти Родинэ истолицэу МОСКВА Родинэм ыцIэкIэ, а 1-рэ УКРАИНСКЭ фронтым идзэ шIагъохэу, псыхъоу ВИСЛЭ зэпырыкIыгъэхэм ыкIи САНДОМИРСКЭ зэуапIэр зыштагъэхэмэ—топ шъитIурэ тIокIырэ плIырэр зэдаохэзэ огъу тIокIыкIэ салют афешIы.

О узипэщэ дзэхэу, ВИСЛЭ зэпырыкIыгъэхэу ыкIи САНДОМИР шъхьафит зышIыжьыгъэхэу, дэгъу шъыпкъэу зэуагъэхэмэ БЛАГОДАРНОСТЬ ЯСЭХЫ.

Ти Родинэ ишъхьафитыныгъэрэ инезависимострэ апае ашIыгъэ заохэмэ ахэкIодэгъэ геройхэмэ егъэшIэрэ щытхъор адэжь!

Немецкэ техакIохэмэ аджалэр зэрафэтхьын!

*Верховнэ Главнокомандующэр Советскэ Союзым и Маршалэу И. СТАЛИН.*

Августым и 18 1944-рэ илъэс.

## АВИАЦИЕМ ИМАРШАЛЭУ А. Е. ГОЛОВАНОВЫМ АВИАЦИЕМ ИГЛАВНЭ МАРШАЛ ВОЕННЭ ЗВАНИЕР ПРИСВОИТЬ ФЭШIЫГЪЭНЫМ ЕХЬЫЛIАГЪЭУ

## СССР-м и ВЕРХОВНЭ СОВЕТЫ и ПРЕЗИДИУМЫ и УКАЗ

Авиацием и Маршалэу **Голованов** Александр Евгеньевичым Авиацием и Главнэ Маршал военнэ званиер присвоить фэтэшIы.

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Председателэр
М. КАЛИНИН.

СССР-м и Верховнэ Советы и Президиумы и Секретарэр
А. ГОРКИН.

Москва, Кремль.
Августым и 19 1944 илъэс.

## ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЫМ и ПРИКАЗ

Августым и 20 1944 илъэс. №152. Москва, Кремль.

Истребительнэ, штурмовой, бомбардировочнэ, разведывательнэ авиацием ялетчикхэр, штурманхэр, ошъогу стрелокхэр, радистхэр, инженерхэр, техникхэр, мотористхэр, офицерхэр ыкIи генералхэр!

Авиацием и Всесоюзнэ Мафэ Шъо шIуфэс шъосэхы ыкIи немецкэ техакIохэмэ ябэныгъэнымкIэ гъэхъагъэу шъушIыгъэхэмэ апае поздравлять шъусэшIы.

ЗэкIэ Красная Армием игъусэу советскэ авиацием немецкэ—фашистскэ техакIомэ япротивэу бэнэныгъэ пхъэшэ дэдэ ешIы ыкIи пыим ицIыф кIуачIи, итехники, ащ итылхэм ыкIи икоммуникациехэм утын пхъэшэ дэдэ арехы.

Рабочхэм ыкIи работницэхэм зэмыблэжьэу Iоф зэрашIэрэм, советскэ авиационнэ конструкторхэм ыкIи инженерхэм мастерствэгъэшхоу ахэлъым, немецкэ авиацием ипчъагъэкIэ нахьыбэу зэрэщытыгъэр преодолеть тшIын ыкIи Красная Армиемрэ Военнэ—Морской Флотымрэ я Ошъогу КIуачIэхэр качествэ ин дэдэхэр зиIэ боевой самолет мин пчъагъэкIэ вооружить тшIын тагъэлъэкIыгъэ.

Пыим ошъогу заохэу рашIылIэрэмэ, зыфэдэ къэмыхъугъэ доблестрэ, блэнагъэрэ ыкIи лIыхъужъныгъэрэ тилетчикхэмэ къыщагъэлъэгъуагъ, командирхэм ыкIи начальникхэм ошъогу операциехэмэ пэщэныгъэ адызэрахьанымкIэ къулаиныгъэрэ ыкIи военнэ мастерствагъэрэ къащагъэлъэгъуагъ. ИтогымкIэ, тэ тибоевой авиацие икъоу господствэр ошъогум щиIыгъ.

Летчик, штурман ыкIи ошъогу стрелок шIагъохэу мин пчъагъэмэ тэ тивооруженнэ кIуачIэхэмэ ягъэхъагъэхэр нахьри нахьыбэу ашIызэпыты ыкIи пыер чIылъэми, ошъогуми щызэхакъутэ.

Тэ тибоевой авиацие гъэхъагъэу ышIыгъэхэр ознаменовать шIыгъэным пае **Приказ сэшIы:**

Непэ Авиацием и Мафэм—августым и 20-м сыхьатэр 17-м ти Родинэ истолицэ—Москва Родинэм ыцIэкIэ, тэ тиавиатор шIагъохэмэ топ шъитIурэ тIокIырэ плIырэр зэдаохэзэ огъу тIокIыкIэ салют ащыфашIынэу.

*Верховнэ Главнокомандующэр Советскэ Союзым и Маршалэу И. СТАЛИН.*

## СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫТРЭР

### Августым и 18-м иоперативнэ сводкэ щыщ

Августым и 18-м къыкIоцIы къалэу **Тарту** икъыблэ-тыгъэ къыкъокIыпIаIокIэ тидзэхэмэ населеннэ пункт 80-м ехъу заохэзэ щаштагъэх, ахэмэ населеннэ пункт инхэу **Таммису, Разина, Ахья, Валгеметса, Кротузэ, Карсте** зыфаIохэрэр ащыщых. **Чудской** ыкIи **Псковскэ** озерхэмэ азыфагурэ проливым зэпырыкIыхи, тидзэхэмэ проливым итыгъэ къохьапIэ Iушъо зэуапIэ щаубытыгъ ыкIи **Псковскэ** озерым итыгъэ къохьапIэ Iушъо готхэу наступать зышIырэ тичастхэмэ анэсыжьыгъэх, ащ дакIоуи населеннэ пунктхэу **Лане, Иыепера, Мухикорна, Хаваметса, Рихтеметса, Араву, Кюка, Мекси, Сикакурму, Кастмекода** зыфаIохэрэр аштагъэх.

Къалэу **Крустпилс (Западная Двинам** дэжь) итемыр лъэныкъуаIокIэ тидзэхэмэ населеннэ пункт 30-м ехъу заохэзэ щаштагъэх, ахэмэ **Рули, Клауцаны, Трулэс, Рами, Марциэна, Рубени, Ароныэши** зыфаIохэрэр ыкIи мэшIоку гъогу станциехэу **Цесвайнэ, Марциэна** зыфаIохэрэри ащыщых.

Къалэу **Шауляй (Шавли)** итыгъэ къохьэпIаIокIэ тидзэхэмэ пыим ипехотэ ыкIи итанкэ кIочIэ инхэу наступать къэзышIыхэрэмэ зэо пхъашэхэр щарашIылIэщтыгъэ. Пыим ицIыф кIуачIэкIи ыкIи итехникэкIи чIэнэгъэ ин дэдэхэр ышIыхэзэ, тэ тибоевой порядкэхэмэ тIэкIу горэмкIэ къакIоцIырыхьан ылъэкIыгъ.

**Прагэ** итыгъэ къыкъокIыпIаIокIэ тидзэхэмэ гъэхъагъэ яIэу пыим ипехотэрэ ыкIи итанкэхэмрэ яатакэхэр щыIуафыщтыгъэ ыкIи чIыпIэ бэкIаехэм контратакхэр щашIыщтыгъэх.

А 1-рэ **Украинскэ** фронтым идзэхэмэ августым и 18-м, псыхъоу **Вислэ** исэмэгу Iушъо немцэмэ оборонэу щаIыгъым мэхьанэшхо зиIэ иопорнэ пунктэу къалэу **Сандомир** штурмэкIэ аштагъ ыкIи зэуапIэм зызэ-

(Иухыпlэ я 2-рэ нэкlуб. ит).

